



Panse pou fen ane lekòl la ak souwè bon ete

Chè Nouyòkè,

Mèsi poutèt ou fè pati Lekòl leta Vil Nouyòk. Mwen espere ou te pase yon ane lekòl mèveye, epi mwen fyè anpil pou tout sa oumenm ak elèv nou yo te akonpli. Pandan nèt mwa ki sot pase yo, mwen te gen chans konekte avèk anpil nan nou, andedan ak deyò salklas la—obsève w ap pale sou literati ak pwoblèm sosyal, rezoud pwoblèm matematik konplèks ak STEM, kreye art etonan, fè pèfòmans nan lekòl, patisipe nan edikasyon pitit ou, ak plis ankò. Se yon bagay ki estimile m chak fwa mwen wè pwomès briyan elèv nou yo vin reyalyte.

Dènyèman, mwen te patisipe nan plizyè seremoni gradyasyon epi jwa ak fyète sou figi elèv nou yo ak tout moun ki te vin pataje gwo jou sa a avèk yo te banm anpil enspirasyon. Mwen vle felisite Pwomosyon 2023 nou an ki plen avèk talan, ki te travay di! Nou se lidè pou avni an epi mwen fyè-de-nou anpil.

Mwen ka temwaye ke paran nou pataje fyète mwen. Pandan seremoni gradyasyon nan Forest Hills High School, moman ki te pote plis antouzyas la se lè mwen te mande elèv ki gradye yo pou yo kanpe pou aplodi fanmi yo paske yo te ede yo rive nan moman sa a. Te vin gen elektrisite nan lè a pandan fanmi yo te aplodi pi fò toujou pou reponn elèv yo. Menm lapli a pa t afekte kè kontan ki te genyen nan jounen sa a.

Mwen rekonesan anpil anvè fanmi, pwofesè, direktè ak estaf lekòl nou yo paske yo te mete elèv nou yo sou chemen ki mennen nan yon avni ki san limit. Mwen vle sonje tou elèv ak estaf ki te pèdi lavi yo nan ane lekòl sa a. Lè nou sonje yo, sa raple nou enpòtans pou pran swen ak pwoteje byennèt chak timoun.

Pandan m ap gade ane lekòl 2023-24 la, mwen konnen n ap monte nan somè ki pi wo toujou. Mwen espere noumenm ak pitit nou pase yon bon ete epi nou kapab pwofite anpil bagay ki fè mèvèy vil nou an gen pou ofri. Mèsi dèske nou se kolaboratè toutbon nan edikasyon pitit nou. M ap tann pou m wè nou tout an septanm.

Plane wo,

David C. Banks
Chanselye

Videyo Rezime chak Semèn nou an



Pou tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, tanpri [klike la a](#).

Si w pa vle resevwa mesaj imèl PS+YOU ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).